

N ap konte timoun piti yo nan resansman 2020 an

N ap konte chak moun yon fwa, yon sèl fwa, kote yo dwe konte l la

Resansman 2020 an ap ede detèmine ki zòn ki kalifye pou resevwa resous esansyèl timoun ak fanmi ap depann yo pandan 10 pwochen ane yo – pratikman tout yon anfans! Yo estime gen 5 pousan timoun ki gen pi piti pase 5 lane yo pa t konte nan resansman 2010 la. Sa fè anviwon 1 milyon tibebe ak timoun piti, yon kantite sou-gwoup ki plis pase tout lòt gwoup yo. Nou bezwen èd ou pou nou elimine eka sa a nan resansman 2020 an.

Men kisa rechèch nou di nou sou rezon ki fè yo pa konte jèn timoun ak kisa w ka fè pou w ede nou asire nou yo konte yo.

Si timoun nan pase tan li nan de kay oswa si timoun nan ap viv oswa rete ak yon lòt fanmi tankou yon granparan.

- > Nan kad resansman an, ensiste sou nesosite pou yo konte chak moun kote y ap viv la, kote yo dòmi pi souvan an, menmsi se yon aranjman ki pa definitiv e menm si manman ak papa timoun nan pa p viv menm kote sa a.
- > Si, vrèman, timoun nan pase mwaye tan nan yon kay epi mwaye tan nan yon lòt, konte li kote li ye nan jou resansman an, premye avril. Si sa posib, kominike ak lòt paran an oswa lòt moun k ap pran swen timoun nan, yon fason pou yo pa konte timoun nan nan tou de kay yo.
- > Si nou pa rive idantifye kote timoun nan dòmi oswa pase plis tan, konte l kote l ye pandan jou resansman an, premye avril.

Si timoun nan ap viv nan yon fwaye avèk paran l ki jèn epi ki pou kont li oswa yon gadyen.

- > Esplike jan li pi fasil pou yon moun ranpli fòmilè resansman an pou kont li, nan tan pa l, olye pou l ranpli l lè yon anketè ki vin frappe pòt lakay li. Raple fanmi sa yo y ap pran anviwon 10 minit pou yo ranpli fòmilè a. Raple yo yo ka ranpli l sou entènèt, pa telefòn, oswa lapòs ka voye l pou yo.
- > Si gen paran ak gadyen timoun piti k ap viv nan yon fwaye, ankouraje yo pou yo mande manm fanmi an pou yo ajoute pitit pa yo sou lòt timoun ki nan kay la, lè y ap ranpli fòmilè a.

Si timoun nan fenk fèt.

- > Ensiste pou paran ak gadyen yo mete ti bebe yo nan fòmilè resansman an, menm si ti bebe a fèk fèt epi li poko menm soti lopital jou premye avril la.
- > Ankouraje sant k ap bay ti bebe yo swen yo pou yo raple paran yo jan li enpòtan pou yo kontwòle timoun yo a nan fòmilè resansman an.
- > Fè paran ak gadyen yo sonje sa ap pran apèn 10 minit sèlman pou yo ranpli fòmilè a. Fè yo sonje tou, anplis ranpli l sou papye, yo ka ranpli l sou Entènèt, nan moman ki pi bon pou yo a.
- > Esplike paran yo ak moun ki responsa timou yo si yo pa konte timoun ki fèk fèt yo, pwochèn fwa y ap ka fè sa, timoun yo ap gen 10 lane. Pandan dis lane sa yo, li posib pou kominote yo ye a resevwa mwens lajan pou lekòl, plas piblik, SNAP/WIC, lopital, transpò ak lòt bagay timoun bezwen.

2020CENSUS.GOV/ht

D-FS-YC-HC-090

**Prepare
Avni W
KÒMANSE ISIT LA >**

United States®
**Census
2020**

Si timoun nan ap viv nan yon kay ki gen anpil moun, kote plizyè jenerasyon mele ansanm, oswa yon kay ki gen anpil moun ki nan yon sèl fanmi oswa yon kay ki gen plizyè fanmi.

- Raple moun k ap ranpli fòmilè a pou l konte tout timoun yo, san retire sila yo ki pa nan fanmi an, timoun mezon akèy, oswa sila yo ki pa gen lòt kote pou yo rete, menm si se pou yon ti tan yo nan kay kote yo ye a, nan jou premye avril la.
- Gaye nouvèl la : nan resansman an, y ap konte tout moun ki rete nan yon kay, se pa sèlman moun oswa fanmi ki posede kay la oswa ki lwe kay la y ap konte.

Si timoun nan ap viv ak yon fanmi ki lwe yon kay oswa ki fenk bwote.

- Ankouraje lokatè yo oswa moun ki fenk bwote yo pou yo ranpli fòmilè a touswit, swa sou Entènèt, swa pa telefòn. Konsa, yo pap gen pou yo enkyete pou papye ki ka pèdi akòz demenajman.
- Konsantre efò nou sou batiman ki gen plizyè apatman epi ki kapab gen plizyè lokatè.

Si timoun nan ap viv nan yon fwaye kote li pa t sipoze ye, pou yon rezon oswa yon lòt.

- Tanpri eksplike moun ki gen timoun k ap viv avèk yo, alòske timoun yo pa t sipoze la (pa egzanzp, granparan k ap viv nan kay ki fèt pou granmoun sèlman epi ki gen pitit pitit yo k ap viv avèk yo. Oubyen yon fanmi ki gen plis moun, san wete timoun, pase sa kontra lokasyon kay la otorize) yo ta dwe mete timoun yo sou fòmilè resansman an.
- Ensiste sou lefètke repons resansman 2020 an, an sekirite e yo konfidansyèl. Lalwa pwoteje enfòmasyon pèsònèl epi yo pa ka pataje li ak lòt ajans ranfòsman lalwa tankou FBI, ICE, oswa menm polis lokal. Yo pa ka sèvi ak li non plis pou detèmine si yon moun kalifye pou avantaj gouvènman an ap bay.
- Eksplike ke tout anplwaye Biwo Resansman yo te fè yon sèman pou lavi pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl, epi nenpòt vyolasyon sèman sa a mache ak yon sanksyon ki rive jiska 250,000 dola ak/oswa jiska senk ane prizon.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

2020CENSUS.GOV/ht

D-FS-YC-HC-090

Timoun nan ap viv nan yon fanmi ki genyen fèb revni.

- Eksplike founisè sèvis yo ak fanmi yo repons y ap bay nan kad resansman an ap pèmèt otorite yo envesti 675 milya dola chak ane nan finansman lokal pou pwogram ak sèvis tankou asistans pou manje, Head Start, swen pou timoun, lojman, lekòl piblik, entèvansyon prekòs pou timoun ki genyen bezwen espesyal, asirans sante timoun, ak plis ankò. Lè gen timoun ki pa konte nan kad resansman an, pwogram sa yo pa jwenn kantite kòb pou yo ta jwenn nan, piske yo teni kont de kantite timoun yo konte.

Si timoun nan ap viv nan yon fwaye ki pa pale anglè oswa ki pa pale anglè byen.

- Fè yon sansibilizasyon epi kreye resous nan lang moun yo pale pou montre enpòtans pou yo konte timoun piti yo.
- Ankouraje moun ki pa pale anglè yo pou yo reponn kesyon resansman an pèsònèlman. Fè yo konnen tou, pou resansman 2020 an, fòmilè ki sou Entènèt la ak liy telefòn yo ap disponib nan 12 lang anplis anglè. Dokiman ki pou ede moun nan kesyon lang ap disponib nan 59 lang anplis anglè.

Si timoun nan ap viv nan yon kay kote moun yo se nouvo imigran oswa moun ki fèt nan yon lòt peyi.

- Travay ak manm kominote yo pou nou fè sansibilizasyon nan katye nouvo imigran yo. Konsantre efò nou sou espas nan kominote a kote moun abitye rasanble, tankou makèt, legliz, ak ti rèstoran.
- Ensiste sou lefèt repons yo bay nan resansman 2020 an, an sekirite e yo konfidansyèl. Lalwa pwoteje enfòmasyon pèsònèl epi yo pa ka pataje li ak lòt ajans ranfòsman lalwa tankou FBI, ICE, oswa menm polis lokal. Yo pa ka sèvi ak li non plis pou detèmine si yon moun kalifye pou avantaj gouvènman an ap bay.

**Prepare
Avni W**

KÒMANSE ISIT LA >

United States®
**Census
2020**